



Pou Piblikasyon Imedya: 14/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DISPONIBILITE 21 MILYON DOLA NAN FINANSMAN FEDERAL POU RANFÒSE MENDEV SANTE MANTAL ETA A**

***Founisè Sipò pou pasyan ekstèn ak kominotè ki kalifye kapab itilize finansman sou diskresyon yo.***

***Yo ka itilize finansman pou ensitasyon pou rekritman ak retansyon, depans edikatif ak devlopman karyè ak fòmasyon.***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta New York te garanti 21 milyon dola nan finansman pou rekritman mendèw ak retansyon ki pral ede ranfòse sistèm sante mantal eta a ak amelyore aksè ak sèvis sante mantal nan kominote yo toupatou nan eta a.

"Pandemi COVID-19 la mete gwo presyon sou tout Nouyòkè yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral sipòte mendèw sante konpòtmantal nou an ak ogmante aksè ak swen, sa k ap ede asire ke tout moun nan eta nou an ki bezwen asistans ak tretman ka jwenn li."

**Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè OMH, te deklare,** "Sekirite finansman federal sa yo pèmèt OMH amelyore, elaji ak soutni sèvis sante mantal yo ki baze nan kominote a lè li bay yon konbinezon ogmantasyon to sible ak finansman fleksib pou rekritman ak retansyon mendèw. Pou detèmine kijan nou ka pi byen itilize fon sa yo, OMH te òganize plizyè reyinyon avèk plis pase 700 moun ki gen enterè pou mande opinyon e idantifye investisman mendèw kòm yon priyorite kle. Finansman sa yo pral ogmante kapasite yon fason dramatik epi ede asire ke chak kominote gen resous li bezwen pou ede rezidan ki pi vilnerab yo."

**Reprezantant Yvette D. Clarke te deklare,** "Mwen akeyi bon nouvèl nesèsè sa a ki soti nan OMH. 9èm Distri Kongrè a toujou ap rekipere li anba chòk kontinyèl COVID-19 la. Fanmi yo toujou blese. Pandan dè jenerasyon, kriz sante mantal k ap devastate eta ak peyi nou an te sèlman vin pi grav atravè envestisman enpòtan nan sèvis yo, sipò, ak sansibilizasyon ki nesèsè nan direksyon pou simonte li. Mank resous trajik sa a twò souvan evidan, men li vin antyèman inevitab lè nou tounen nan direksyon moun k ap souffri pi plis nan kominote nou yo. Pou di mwen fatige ak li se yon minimizasyon. Erezman, jodi a, fonksyonè piblik devwe ki konpetan ki ka fè yon diferans yo fatige ak li, tou. Nan kad lidèchip Gouvènè Kathy Hochul ak defans san fay li, Biwo Sante Mantal

Eta New York te garanti 21 milyon dola nan finasman transfòmatis pou ranfòse sistèm sante mantal eta a nou an ak amelyore difikilte yo nan bay aksè ak sèvis sante mantal ki enpòtan yo. Solisyon siyifikatif tankou sa yo fè plis pase delivre yon fason dezespere resous enpòtan yo; pou pwouve posibilite pou pwogrè. Nou ka simonte kriz sante mantal la atravè New York, Etazini ak mond lan, si sèlman nou kontinye ajoute sou travay ki nesèsè pou fè sa, jan eta nou an te fè l jodi a. Li se yon rapèl sevè ke nou pa ka inyore chòk ki dire lontan ke moun yo soufri, swit ak yon kriz sante mondyal ki chanje mond lan."

**Reprezantan Paul Tonko te deklare,** "Pandan tout kriz sa a, plis Ameriken ap chèche sèvis sante mantal pase anvan. Mwen te goumen anpil pou asire ke yo te adrese sèvis sa yo nan repons federal COVID-19 nou an epi mwen fyè ke yo te enkli yon kantite dispozisyon kle sou sante mantal mwen te ensiste sou yo nan Plan Sekou Ameriken nou an. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou aksyon rapid li pou ranfòse mendèv sante mantal New York epi ede bay espwa moun ki pi bezwen li."

**Reprezantan Kathleen Rice te deklare,** "Pandan ke pèt lavi terib pral toujou rete konsekans ki pi devastris nan pandemi an, yo pa ka sirestime bilan kriz sa genyen sou sante mantal. Mwen fyè paske mwen goumen pou finansman federal sa a nan Kongrè a pou agrandi aksè ak sèvis sante mantal ak sipòte mendèv sante mantal nou an nan Eta New York. Mou felisite Gouvènè Hochul paske li priyorize pwoblèm enpòtan sa a."

**Reprezantan Adriano Espaillat te deklare,** "Sante mantal enpakte nou chak e menm anvan pandemi an, sante mantal moun ak fanmi yo nan tout kominote nou yo te yon enkyetid k ap grandi. Nou fè anpil pwogrè, e pandan n ap kontinye adrese anpil defi pandemi an pote, nou dwe asire ke sante mantal rete nan tèt efò nou yo pou ede kominote nou yo rebati. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou anons jodi a ki itilize finansman federal sa a pou ede ranfòse sèvis sante mantal New York yo epi finalman ede fanmi yo nan tout eta nou an."

**Senatè Samra Brouk te deklare,** "Kòm Prezidan Komite Sena sou Sante Mantal la, mwen bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul paske li garanti finansman sa yo pou Biwo Sante Mantal (OMH) Eta New York la. Nou konnen nou dwe ogmante yon fason dramatik efò rekritman ak retansyon yo si Eta New York dwe bay resous aksesib ki gen bon kalite pou Nouyòkè ki bezwen sante mantal ak sipò kriz yo. Mwen pa ka tann pou mwen kontinye travay avèk Gouvènè Hochul pou idantifye nouvo fason pou satisfè bezwen Nouyòkè yo, epi pou asire ke tout moun gen aksè ak bon jan kalite swen sante mantal yo merite."

**Aileen Gunther, ki se Manm asanble, te deklare,** "Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak patnè nou yo nan gouvènman la paske yo investi nan mendèv sante mantal nou an. Pandan tout pandemi an nou te wè bezwen sante mantal nan kominote nou yo ogmante, ak gason ak fanm ki devan liy yo toujou la pou pran swen nou chak nan chak etap nan chemen an. Finansman sa a pral ede ranfòse mendèv nou an epi li pral fè tout Nouyòk yo vin pi an sekirite ak pi an sante."

Se OMH ki te garanti finansman federal la atravè Lwa Sekou ak Kredi Sipleman tè pou Entèvansyon ak Kowonaviris (Coronavirus Response and Relief Supplemental Appropriations Act, CRRSAA) 2021 an ak Lwa Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan Act, ARPA) 2021 an. Lejislasyon sa a bay finansman sipleman tè pou sèvis sante mantal atravè ekspansyon ki limite nan tan nan kad Sibvansyon Global Sèvis Sante Mantal Kominotè (Community Mental Health Services, CMHS) a.

OMH prevwa founi direktiv pou finansman mendè v pou founisè sipò ki kalifye pou pasyan ekstèn ak sipò kominotè ki gen lisans OMH epi bay founisè yo avi sou alokasyon yo nan mwa sa a.

Founisè ki kalifye pou pasyan ekstèn ak sipò kominotè yo pral resevwa finansman ke yo pral itilize sou diskresyon yo nan yon kantite kategori depans kle, ki gen ladan yo:

### 1. **Ensitasyon pou Rekritman ak Retansyon**

- Bonis pou retansyon ak anbochaj
- Peman ansyènte
- Kontribisyon pou Retrèt ak lòt avantaj sosyal
- Peman diferansyèl
- Peman pou risk
- Emsitasyon pou Relokalizasyon

### 2. **Depans Edikatif**

- Frè ekolaj pou nouvo anplwaye/ak sa yo ki deja egziste, ki gen ladan kou devlopman pwofesyonèl nan nivo kolèj ak edikasyon kontinyèl
- Frè gzamen ak aplikasyon pou nouvo anplwaye/ ak sa yo ki deja egziste  
Kou ki gen rapò ak konpetans kiltirèl ak fòmasyon divèsite  
Frè enskripsyon pou konferans

### 3. **Devlopman Karyè ak Fòmasyon:**

Pwogram kreyasyon, pwomosyon, amelyorasyon estaj, bous ak/oswa lòt pwogram devlopman karyè

- Kolaborasyon ak enstitisyon akademik ak politik yo pou devlope estrateji pou fòmasyon anplwaye yo

Angajman anplwaye ak estrateji devlopman mendè v tankou devlope oswa akeri kourikoulòm fòmasyon, finanse frè enskripsyon, ak kouvri depans pou anplwaye yo ale oswa bay fòmasyon.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)